

## Lè nap Peye Nan Kès la

1. Kliyan WIC fèt pou separe manje ke yo ap achte avèk chèk WIC de lòt manje ke yo ap achte.
2. Kliyan WIC fèt pou yo prezante kat Idantifikasyon (ID) WIC ensanm avèk chèk WIC la. Se sèlman moun ke siyati yo parèt devan kat ID WIC ki ka peye avèk chèk la. Si siyati kliyan an pa menm avèk yon nan siyati ki devan kat ID WIC la, kesye an p'ap ka aksepte chèk WIC la. Nou pa aksepte lisans chofè oubyen lòt kalite idantifikasyon.
3. Gade ki Premye Jou pou itilize li ak Dènye jou pou itilize devan chèk WIC la pou asire'w ke ou itilize yo nan lesplas peryod indike an. (Magazin WIC genyen 45 jou apati dé premyé jou pou sèvi pou depozé chèk yo.)
4. Avan ke kesye enregistre chak pyès manje, li fèt pou li kompare chak bagay ki sou kontwa an avèk tip ak montan manje ki nan lis nan devan chèk WIC la. Kliyan WIC pa oblije achte tout bagay ki nan lis nan devan chèk WIC la.
5. Si kliyan ap itilize plis ke yon chèk WIC, kesye an fèt pou li enregistre manje pou chak chèk separeman. Pa konbine tout sa ou achte avèk plizyè chèk.
6. Kesye an fèt pou ekri trè klè total pri manje ke ou achte avèk chèk WIC nan bwat Peye Egzakteman-an e li pa fèt pou ajoute siy dola oubyen centim devan montan an. Si ou fè yon erè lè'w ap ekri montan an, kesye an fèt pou mete yon liy sou erè an, e ekri koreksyon an anlè li, e ekri inisyal kote ou fè changman an.
7. Aprè ke kesye an finn ranpli bwat "Peye Egzakteman," an kliyan WIC la fèt pou li siyen nan espas pou Siyati Otorize ki anba sou kote dwat devan chèk WIC la.

Lalwa Federal avèk "U.S. Department of Agriculture" (USDA) defann diskriminasyon nan tout pwogram ak aktivite sou kelkeswa fòm lan ras, koulè, nasyonan orijin, seks, laj e andikape. Pou pote plent pou diskriminasyon, ekri USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410 oswa rele (800) 795-3272 (vwa) oswa (202) 720-6382 (TTY). USDA se yonounisè ak anplwayè ki ofri egalite pwofesyonèl.

## Enfomasyon Enpòtan pou Kliyan WIC ak Kesye

- Kliyan WIC pata vlé itilize tout checks yo pou mwa an pandan yon sel vizit episeri, paseke manje ki fresh tankou lèt ka gate si ou achte tròp yon sèl kou.
- Sonje, se pou chwasi kalite ze, lèt, ji nan frizè ki pi bon mache. Lè yo mete lèt devan chèk WIC la, se yon sèl tip lèt ke ou ka achte avèk li—oubyen lèt fresh sèlman, lèt evapore sèlman, ou lèt an poud sèlman.
- Kesye oblije pou li aksepte tout kupon magazin oubyen kupon pwomosyon faktori yo pa egzamp, achte yonn resevwa yon lòt gratis; achte yonn, resevwa yon lòt a pri redwi; ons gratis ke faktori yo ajoute; kupon rediksyon santim faktori yo; kat rediksyon magazin obyen de rekonpans ke kliyan WIC prezante. Si yon kupon de mwens centim fè yon pwodui lèt, ze, ju ki nan frizè, pi bon mache kliyan WIC gen dwa chazi mak sa yo.
- Nou ankouraje kliyan WIC pou achte nan magazin yo ki pi bon mache; achte manje WIC ki pi bon mache; e pou yo itilize kupon ki ekonomize lè yo ap achte manje avèk chèk WIC. Sa pral ede WIC pou ede plis fanm ak timoun ki elijib.
- Kliyan WIC pas ka janm resevwa ranbousman lajan, monen, bon de rediksyon difere, en echanj pou chèk WIC. Ou pa ka janm fè echanj pou yon lòt mak ou tip lèt bebe oubyen pou lajan cash si ou achte lèt ti bebe avèk chèk WIC la. Nou kapab retire kliyan WIC nan lis la si yo vann manje WIC oubyen eseye pou jwen lajan cash pou chèk WIC. Ou kapab retounen oubyen chanjè lèt Bebe nan ofis WIC la sèlman.
- Emplwaye magazin episeri yo fèt pou yo koutwa e respekté Kliyan WIC yo. En menm tan, Kliyan WIC yo fèt pou yo koutwa ak staff magazin. Kliyan WIC oubyen anplwaye magazin ki aji mal ak moun, il fo ke yo rapòte sa pou ofis WIC la.
- Si ou genyen oken kesyon osijè de manje ke pwogram WIC la aksepté ak ki fason pou itilize chèk WIC la se pou rele manèdjè founisè WIC nan ofis WIC lokal la, oubyen ofis Eta WIC nan nimewo gratis 1-800-342-3556.

## Lè nap li atik manjé ki nan dévan chèk WIC yo

Paròl yo montré an gwo ki parèt anba la-a sé yon égzanp dé kisa ki ka pwenté nan dévan chèk WIC ou ansam ak ékplikasyon sou ki kalité manjé ou ka achte lè li ékri sou chèk WIC ou. Chèk ou ka gen montan ki diféran dé sa ki parèt anba-a. Sonjé tchéké lòt bò bwochi sa-a pou-w konnen kisa ké ou ka ak kisa ké ou paka achte nan chak tip manjé.

**MILK—2 GAL OR 8 CANS EVAP OR 8 QTS DRY**—Ou ka achte oubyen 2 galon lèt fré OU 8 bwat lèt évaporé OU 8 ka lèt an poud.

**MILK—MUST BUY 1% LOWFAT OR FAT FREE MILK; 2 GAL OR 8 QT DRY OR 8 CANS EVAPORATED**—Ou fèt pou-w achte lèt 1% ki gen mwens grès ou lèt ki pa gen grès ak chèk sa-a. Ou ka achte oubyen 2 galon lèt fré OU 8 bwat lèt évaporé OU 8 ka lèt an poud.

**LACTOSE REDUCED OR LACTOSE FREE MILK—MUST BUY LEAST EXPENSIVE BRAND; THREE HALF-GALLONS**—Ou fèt pou-w achte mak ki pibon maché-a nan lèt ak laktoz rédwi ou lèt san laktoz ak chèk sa-a. Ou ka achte oubyen 3 démi galon nan lèt sa-a.

**WIC CHEESE—UP TO 1 LB**—Ou ka achte jiska yon liv ou 16 ons fwomaj.

**WIC CEREAL—UP TO 36 OZ**—Ou ka achte jiska 36 ons séréal.

**EGGS—1 DOZEN**—Ou ka achte yon douzen zé laj.

**DRY BEANS OR PEAS—UP TO 1 LB**—Ou ka achte jiska yon liv ou 16 ons pwa sèk ou pwa fwans.

**PEANUT BUTTER—UP TO 18 OZ**—Ou ka achte jiska yon 18 ons bokal manba.

**JUICE—24 OZ FROZ OR 2 CANS/BOTTLES 46-OZ SIZE**—Ou ka achte oubyen 24 ons ji friz konsantré ou 2 boutèy ji nan gwose bwat ou boutèy 46 ons. Pou-w jwen 24 ons ji friz ou ka achte 2 boutèy nan gwose 12 ons ou 4 boutèy nan gwose 6 ons ou nimpòt konbinézon kap ba-w jiska 24 ons.

**CARROTS—UP TO 2 LB OR 32 OZ**—Ou ka achte jiska 2 liv OU 32 ons karòt fré, friz ou nan bwat.

**CANNED LIGHT TUNA—(NO WHITE OR ALBACORE TUNA)\*UP TO 25 OZ**—Ou ka achte jiska 25 ons tuna léjé nan bwat. Ou paka achte tuna blan ou albakò.